



Orange Township Public Schools

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.
Office of the Superintendent



11 Jen 2020

Bonjou Kominote Lekòl Piblik Vil Orange,

Mwen espere ke lèt sa a jwenn non tout byen. Kòm ou te okouran epi nou te pataje avèk ou 4 Me ki sot pase a ke pòt/bilding lekòl yo ap rete fèmen pou rès ane lekòl la. Mwen vle remèsye chak fanmi nou yo ansanm ak chak anplwaye nou yo pou tout bagay ke yo fè pandan aprantisaj a distans la ki se yon inisyativ ki te etabli pa Depatman Edikasyon New Jersey a epi ki aplike pa Lekòl Piblik Distri Vil Orange lan.

Tanpri, n'ap anonse w ke ke pwogram ete yo pral fèt vityèlman ane sa a. Sou sit entènèt la (www.orange.k12.nj.us) anba dènye nouvèl ak anons yo, ou pral wè lyen ki disponib pou wè/gade. Gen enskripsyon modèl ki disponib pou ou pou w itilize pou enskri pitit ou a kòm sadwa. Nou vle asire ke elèv yo gen opòtinite pou angaje yo ak pwofesè yo nan yon espas akademik pou prepare yo pou Ane Lekòl (SY) 2020-2021 an. Toujou konnen, sipò emosyonèl sosyal nou yo ap kontinye pandan tout sezon ete a. Nou pral toujou bay sipò pwiske nou konnen ke te gen anpil pèt pou anpil nan mitan nou. Ou mèt konte sou nou, paske nou la pou nou ede youn ak lòt.

Kalandriye Ane Lekòl (SY) 19-20 an te genyen twa jou ijans evidan lè yo te apwouve pa Konsèy Depatman Edikasyon an nan mwa Mas 2019 la. Kòm yon distri, nou te itilize de nan jou sa yo, se te 11 Mas ak 22 Me. Nou pral sèvi ak dènye jou ijans lan Jedi k'ap 25 Jen an. Sa vle di ke dènye jou lekòl pou elèv yo ak anplwaye 10 mwa yo pral Mèkredi 24 Jen. Tout anplwaye 11 ak 12 mwa yo pral retounen nan travay Vandredi 26 Jen 2020. Nou te revize dat distribisyon kanè yo pou refleto 24 Jen an a 12:30 PM. Distribisyon kanè yo pral fèt elektwonikman.

Nou pral kontinye kenbe w okouran sou platfòm/ tribin kominikasyon nou yo atravè sit entènèt distri a ansanm ak sou medya sosyal nou yo konsènan nenpòt ki dènye mizajou akademik oswa operasyonèl.

Pou plis sipò, tanpri sonje ke nou te kreye yon adrès imèl distancelearningquestions@orange.k12.nj.us pou kesyon oswa enkyetid pandan peryòd pandemi sa a epi ki gen rapò ak ansèyman oswa pwoblèm/enkyetid teknolojik. Si w genyen tou enkyetid konsènan sipò mantal oswa swen pèsonèl ou, ou ka imèl nou tou. N'ap bezwen non lekòl pitit ou a, non pwofesè a, ansanm ak enfòmasyon pou kontakte w. Toujou sonje, ke ou ta dwe toujou kontakte pwofesè pitit ou a ak / oswa direktè lekòl la kòm premye liy pou sipò.

Nou ankouraje w pou kontinye vizite COVID-19 Resources Tab (Tab Resous KOVID-19) distri nou an sou sit entènèt distri a www.orange.k12.nj.us pou resous adisyonèl pou fanmi yo sou sante mantal ansanm ak dènye mizajou sou swen pèsonèl pou elèv, fanmi, ak anplwaye yo. Nou afiche sipò ansèyman sou COVID-19 Resources Tab (Tab Resous KOVID-19) la pou asistans ke w ta bezwen. Kòm ou okouran, nou mete ajou COVID-19 Resources Tab (Tab Resous KOVID-19) la chak semèn nan jefò pou nou bay plis sipò a kominote lekòl nou an.

Yon lòt fwa ankò, nou di ou mèsi pou fleksibilite kontinyèl ou ak kowoperasyon ou pandan peryòd tan sa a ki san parèy. Nou tout ansanm, nou nan menm sitiyasyon.

Se Moun Pa w la nan Edikasyon,

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.

Sipèntandan Lekòl yo